

Fich enfòmasyon sou dwa ou yo

Aksè nan lojman piblik si gen yon katastwòf

Moun ki gen andikap e moun aje gen tout dwa lè gen katastwòf oubyen nan sityasyon ijan.


Lwa ki pwoteje dwa ou yo



Rehabilitation Act, Americans with Disabilities Act (ADA), Older Americans Act pwoteje dwa sa yo.


Gouvènman lokal, eta, e federal gen pou yo obeyi lwa sa yo pou moun ki gen andikap e moun ki aje rete sekirize.

Lojman piblik e resous nan ijans



Gouvènman eta epi lokal ofri moun lojman piblik tanporè lè gen ijans.

Lojman piblik la pou pwoteje w nan pi move pati nan katastwòf oubyen tanpèt. Wè lojman piblik kòm yon bato sovtaf men pa yon bato kwazyè. Ka gen anpil bri, distraksyon epi anpil moun nan lojman piblik yo.



ADA egzije pou lojman piblik aksesib nan ijans e nan sèvis yo ofri.

Sa vle di lojman piblik, lojman pou bezwen espesyalize (ki pafwa rele lojman medikal), e tout lòt sèvis dijans dwe aksesib pou moun ki gen andikap.



Moun ki gen andikap dwe gen aksè egalego nan sekirite, nouriti, lojman, swen medikal fondamantal, e kominikasyon lè yo nan yon lojman piblik. Se pou w gen tou aksè egalego nan sèvis transpò aleritou nan lojman piblik la.

Pou asire yon lojman piblik pral gen sèvis ou bezwen yo, ou dwe kontakte biwo Emergency Management nan konte kote w rete a.



Si w gen yon andikap epi w bezwen kouran elektrik swa pou yon aparèy ki ede w bouje oswa pou medikaman, se pou w fè aplikasyon pou rejis nan lojman piblik pou bezwen espesyalize.

Fè yon lojman piblik dijans aksesib



Monte nan ADA Accessibility Checklist for Emergency Shelters nan sit entènèt Division of Emergency Management la pou w jwenn plis enfòmasyon sou egzijans aksesibilite nan lojman piblik.

Fich enfòmasyon sou dwa ou yo

Aksè nan lojman piblik si gen yon katastwòf

Dwa ou gen nan lojman piblik nan ijans oubyen lè gen katastwòf



Tout lojman piblik dwe aksesib fizikman pou tout moun.



Tout enfòmasyon e tout kominikasyon dwe aksesib.

Enfòmasyon yo dwe disponib nan lang siy Etazini Damerik, lang kouran epi fasil, gwo karaktè, bray.

Moun ki soud oubyen ki tande di dwe gen aksè nan TDD oubyen nan entèprèt (an pèsòn oubyen vityèlman).



Tout transpò, si l founi bay piblik la, dwe aksesib pou moun ki gen bezwen nan aksè e fonksyonèl.



Li rekòmande pou w vin avèk nouriti depi w ta bezwen yon rejim alimante espesyalize oubyen se pou w enskri pou yon lojman piblik pou bezwen espesyal.



Ou gendwa vini avèk bèt asistans ou an. Dapre ADA, bèt ki ofri soutyen emosyonèl (Emotional Support Animals, ESA) pa konsidere kòm bèt asistans. ESA e lòt bet gendwa pa aksepte, e se pou w planifye pou yo ale yon lòt kote. Wè ak biwo Emergency Management lokal la pou jwenn lojman piblik ki aksepte bèt.



Ou gen tout dwa pou w rete avèk fanmi w oubyen avèk moun ou vle. Ou gen tout dwa vini nan yon lojman piblik avèk yon moun k ap ede w oubyen kontinye resevwa sèvis swen nan yon lojman piblik.



Ou gen tout dwa gen yon founisè sèvis ou deja gen, tèlke yon Center for Independent Living, pou kontinye vini nan lojman piblik la.



Ou gen tout dwa mande pou amenajman ki rezonab nan lojman piblik ki aksesib pou ou a.



Ou gen tout dwa gen avèk ou teknoloji dasistans e aparèy medikal dirab.



Ou gen tout dwa gen sèvis tranzisyon nan lojman piblik ki ka ede w tounen lakay ou oubyen gen yon lojman piblik tanporè oubyen alontèm pandan gen reparasyon k ap fèt lakay ou.

Kilè w dwe kominike avèk Disability Rights Florida

Si w gen enkyètman sou popilasyon jeneral yon lojman piblik oubyen yon lojman pou bezwen espesyalize ou gen pou w itilize men pa aksesib pou ou, ou ka mande Disability Rights Florida ede w.

800-342-0823 TDD: 800-346-4127
DisabilityRightsFlorida.org